

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan ngadéskripsikeun antésédén tina déiksis sosial dina Novél Tri Tangtu di Bumi. Aya opat nu bisa dicindekkeun tina ieu panalungtikan, nyaéta antésédén tina déiksis sosial nu aya dina novél, wangun antésédén, wanda antésédén, jeung déiksis naon waé nu aya dina novél.

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan antésédén tina déiksis sosial éndoforis dina novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yosep Iskandar, bisa dititénan di handap ieu.

Jumlah data antésédén tina déiksis sosial novél *Tri Tangtu di Bumi* kapanggih aya 85 antésédén nu ngawujud *ak-akii, ama, ambu, anak, anak buah, anom, awéwé, bapa, bares kolot, bebenjit-bebenjit, embi, guru, gusti anom, gusto prabu, gusti pramésuari, gusti putri, haji hulu jurit, hyang mahaprabu resi, hyang prabu, hyang séda, incu, indung, jagabayah, kaka, ki adi, ki géndéng, ki hulujurit, ki mangkubumi, ki nangganan, ki olot, ki panglarap, ki purwakalih, kokolot pilembreun, kolot, lanceuk, lurah, maha resi mantri, nangganan, ni praji, ni patunggon, nini, nyai, olot, pamajikan, paman, paman lengser, paman prabu, pangagung, prabu, prabu anom, prabu ki géndéng, prajurit, pramésuari, purohita, putri, radén, raja, raka prabu, rakéan, rama, rama prabu, ratu, romo, salaki, sang prabu, sang rama, sang resi, selir, sémah, seuweu, sinatria, somah, sunan, syekh, tétéh, uwa, uwa prabu, uwa pramésuari, jeung yuamantri*. Antésédén déiksis sosial nu panglobana nyaéta kecap *prabu anom*, nu frekuensi makéna aya 291 kalimah, sedengkeun antésédén déiksis nu pangsaeutikna nyaéta *anak buah, bapa, bares kolot, bebenjit-bebenjit, embi, gusti pramésuari, haji, hyang mahaprabu resi, indung, ki nangganan, ki olot, ki panglarap, lurah, maha resi, nini, putri, raka prabu, sémah, sinatria, jeung yuwamantri*. Nu frekuensi makéna masing-masing sakalimah.

Dumasar kana wangun antésédén kabagi jadi dua nyaéta wangun kecap jeung wangu frase. Dina ieu panalungtikan kapanggih 50 wangun kecap jeung 35 wangun frase.

Dumasar kana wandana antésédén miboga opat wanda, nyaéta ngaran jalma, kalungguhan, pancakaki, jeung pacabakan. Anu kaasup kana antésédn ngaran jalma aya 15, antésédén ngaran kalungguhan aya 43, antésédén ngaran pancakaki 24, jeung antésédén ngaran pacabakan 3.

Dumasar kana tipe kapanggih aya 335 déiksis sosial anu kabagi jadi dua nyaéta éksoforis 64 jeung éndoforis 271. Dina data déiksis éksoforis nu kapanggih jadi tilu nyaéta déiksis témporal 10, déiksis persona 47, déiksis lokatif 7 sedengkeun déiksis éndoforis anu kapanggih aya dua nyaéta déiksi anaforis 168 jeung déiksis kataforis 95.

5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara saran anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, panalungtikan ngeunaan antésédén tina déiksis sosial téh geus nu ka dua kali jeung ieu panalungtikan, bangbaluhna mah sarua jeung panalungtik nu mimiti nyaéta sumber data tinulis. Panalungtik miharep, aya sumber ti nulis khususna ngeunaan antésédén. loba tapi lolobana ngagunakeun sumber garapan analisis tina novel, jeung kumpulan carpon. Ieu panalungtikan, sumberna tina novel tapi tina koran mingguan *Galura* nu dianalisisna ngan hiji rubrik nyaéta rubrik “lénsatama”. Ku kituna, dipiharep ka panalungtik satuluyna nu sarua ngagunakeun objék panalungtikan koran, sangkan henteu ngan sarubrik dina nganalisisna. Tapi ngagunakeun sababaraha rubrik misalna tilu rubrik sangkan hasil nu dibeunangkeunna ogé bisa leuwih jembar deui.

Kadua, pikeun ngajembaran ambahan kabasaan hususna kapragmatisan déiksis sosial, dipiharep obyek panalungtikan bisa nu dipedar leuwih dijembaran deui, teu ngan sawatés nganalisis novel hungkul aatawa capon hungkul tapi bisa di bandingkeun ogé.